



## **Jistis Anviwònman pou New England Pwogram Sibvansyon pou Kominote k ap Vanse - Rejyon EPA 1**

### **Sou-sibvansyon Nivo 1 a 3 Apèl Dòf (Request for Proposals, RFP)**

## **Enfòmasyon Jeneral ak Kontèks**

Misyon Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) an se pwoteje sante moun ak anviwònman an. Li sitou ede kominote ki gen pwoblèm anviwònman, pwoblèm chanjman klima, ak pwoblèm sante ki ap malmennen yo. Nan kad Lwa sou Finans Konsolide ane 2022 ak ane 2023, EPA te resevwa gwo sòm lajan pou amelyore jistis anviwònman epi ede kominote yo nan zafè sante, ekite ak kapasite pou yo fè fas ak pwoblèm anviwònman ki genyen jounen jodi yo ak sa ki pral genyen pi devan yo. Lajan sa a la pou rezoud pwoblèm anviwònman ki pase yo epi amelyore sitiyoasyon an pou tout moun. Mete sou sa, Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) ane 2022 a te kreye pwogram sibvansyon global pou Jistis Anviwònman ak Klimatik la nan seksyon 138 nan Lwa sou Lè Pwòp la (Clean Air Act, CAA) epi li te bay EPA yon sibvansyon \$2.8 milya pou pwogram nan reyalize pwojè ki itil kominote defavorize yo. Avèk kòb sa a, EPA kreye pwogram Sibvansyon pou Kominote pou Kominote k ap Vanse nan zafè Jistis Anviwònmanal (Thriving Communities Grantmaking, TCGM).

**Nan kad yon akò kowoperasyon avèk Ajans Pwoteksyon Anviwònman an, Jistis Anviwònmanal pou New England ap mete sou pye Sou-sibvansyon pou Kominote k ap Vanse nan New England.** Pwogram sibvansyon sa a vize ede kominote yo te neglije oparavan yo, sitou sila yo chanjman klimatik la afekte plis yo. Pami kominote sa yo genyen kominote moun ki pa blan, kominote imigran, kominote endijèn, kominote ki nan vil, pwovens, ak kominote ki gen ti revni. **Li vize kreye ak ranfòse kapasite yon mouvman ki dirab an favè jistis anviwònmanal, pandan l ap konsantre l sou jesyon danje anviwònmanal yo, adaptasyon ak chanjman klimatik la, garanti pou tout moun gen menm aksè nan enèji ak kreyasyon kominote kote moun kapab viv an sante.** Antou, yo ap bay yon sibvansyon \$48 milyon nan Eta New England yo nan twa (3) ane k ap vini yo. Lajan sa a pral jwenn òganizasyon kominotè yo, òganizasyon jistis anviwònmanal yo, òganizasyon san bi likratif yo, ak lòt antite ki reprezante kominote ki

OMB apwouve koleksyon enfòmasyon sa a selon Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administratif la, 44 U.S.C. 3501 et seq. Nimewo Kontwòl OMB: 2035-0002. Ou pa oblije reponn kesyon yo pou bay enfòmasyon. Yon ajans pa ka kolekte ni peye pou kolekte enfòmasyon yo sof si li afiche yon nimewo kontwòl OMB ki valid nan moman an epi yon moun pa oblije reponn kesyon yo ni bay enfòmasyon yo. Li ap pran anviwon 2 a 6 èdtan pou ranpli fòm pou bay enfòmasyon yo epi pou konsève yo. Di nou si w panse enfòmasyon sa yo nesèsè, si kantite tan nou panse l ap pran an egzak ak nenpòt metòd ou sijere pou nou ka diminye kantite tan an pou patisipan yo. Voye kòmmanchè w yo bay Direktè a, ki nan Sèvis Angajman pou Enfòmasyon; Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (2821T); 1200 Pennsylvania Ave., NW;

Washington, D.C. 20460. Mete nimewo kontwòl OMB a nan nenpòt lèt. Pa voye fòm ou ranpli a nan adrès sa a.

1



defavorize yo, kominote ki nan vil ak pwovens yo, kominote endijèn yo, kominote ki izole yo, ak kominote ki gen mwayen ki limite yo pou yo mete sou pye pwojè ki pou rezoud pwoblèm anviwònman ak/oswa sante piblik lokal nan Eta Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island ak Vermont.

OMB apwouve koleksyon enfòmasyon sa a selon Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administratif la, 44 U.S.C. 3501 et seq. Nimewo Kontwòl OMB: 2035-0002. Ou pa oblije reponn kesyon yo pou bay enfòmasyon. Yon ajans pa ka kolekte ni peye pou kolekte enfòmasyon yo sof si li afiche yon nimewo kontwòl OMB ki valid nan moman an epi yon moun pa oblije reponn kesyon yo ni bay enfòmasyon yo. Li ap pran anviwon 2 a 6 èdtan pou ranpli fòm pou bay enfòmasyon yo epi pou konsève yo. Di nou si w panse enfòmasyon sa yo nesèsè, si kantite tan nou panse l ap pran an egzak ak nenpòt metòd ou sijere pou nou ka diminye kantite tan an pou patisipan yo. Voye kòmantè w yo bay Direktè a, ki nan Sèvis Angajman pou Enfòmasyon; Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (2821T); 1200 Pennsylvania Ave., NW;

Washington, D.C. 20460. Mete nimewo kontwòl OMB a nan nenpòt lèt. Pa voye fòm ou ranpli a nan adrès sa a.



## Elijiblite

Finansman sa a disponib pou fè travay kominotè nan New England sèlman.

Fòk pwojè ki gen finansman yo konsantre sou omwen yon kominote ki defavorize nan Eta New England yo (Rejyon 1) jan sa endike sou [kat sa a](#) sinon responsab pwojè yo dwe di poukisa yo pwopoze yon pwojè ki pa nan zòn sa a. (Eksplòre [Zouti Kominote Defavorize IRA EPA a](#)). Pou w jwenn detay sou zouti sa a, tanpri gade Kesyon Moun Poze Souvan yo (Frequently Asked Questions, FAQ).

Men aplikan ki elijib yo:

- Òganizasyon san bi likratif yo, òganizasyon kominotè yo ak òganizasyon debaz san bi likratif yo
- Gouvènman tribal yo (tribi gouvènman federal la ak Eta a rekonèt) ak asosyasyon ki gen diferan tribi yo
- Òganizasyon Ameriken Natif Natal yo
- Gouvènman lokal yo
- Enstitisyon ansèyman siperyè
- Òganizasyon charitab ak òganizasyon sivik san bi likratif

Tout antite ki aplike yo, san wete òganizasyon/gwoup ki gen sipò fiskal yo, dwe gen yon [Idantifikatè Antite Inik](#) (Unique Entity Identifier, UEI). Pwosesis sa a se pou yo verifye si w se yon antite ki gen otorizasyon nan Eta kote w ye a (ou pa oblije se yon antite ki pa peye taks selon seksyon 501(c)3 a). Si yon sipò fiskal ede yon òganizasyon aplike, sipò fiskal la se benefisyè sou-sibvansyon an. Kidonk, se li menm k ap fè rapò sou aktivite yo.

Men aplikan ki pa elijib yo:

- Moun
- Biznis ki gen objektif fè lajan yo
- Gouvènman Eta yo



## Diferan Nivo ak Montan Finansman

Apèl Dòf sa a se senpman pou kategori ki nan Nivo 1 jiska Nivo 3 a. Pou nivo Fon Lansman Pwojè a, tanpri ale gade dokiman Apèl Dòf apa a ki pale sou sous finansman sa a la a (lyen an).

Nivo ak Kategori	Egzanp – pou demonstrasyon sèlman – li pa gen tout ladan l	Montan ak Delè Finansman an
<p><b>1 - Pwojè Evalyasyon</b> – yo ka rezoud plizyè pwoblèm anviwònman, men se pa yon obligasyon. Sa yo se ap sibvansyon fiks, selon objektif yo, ranbousman frè yo oswa yon maryaj toude.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rechèch</li> <li>• Koleksyon done</li> <li>• Tès</li> <li>• Siveyans</li> <li>• Ankèt</li> <li>• Sondaj ak Etid</li> <li>• Sondaj kominotè ak gwoup refleksyon oswa lòt fòm angajman kominotè</li> </ul>	<p>Jiska \$150,000 pou jiska yon lane</p>
<p><b>2 - Pwojè Planifikasyon</b> – yo ka rezoud plizyè pwoblèm anviwònman, men se pa yon obligasyon (pa egzant, kalite lè a, kontaminasyon dlo, sibstans toksik). Yo kapab gen ladan yo kreyasyon plan, devlopman patenarya, angajman kominotè ak edikasyon piblik la pou rezoud pwoblèm anviwònman sa yo. Se ap sibvansyon pou ranbousman frè kote</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Planifye</li> <li>• Kreye patenarya</li> <li>• Elabore plan kominikasyon ak plan sansibilizasyon</li> <li>• Elabore pwogram, zouti ki itil, oswa gid</li> <li>• Kreye kontni, pwodui videyo pou mete sou rezo sosyal, oswa dokiman enprime</li> <li>• Òganize evènman ak rasanbleman</li> <li>• Etabli oswa ranfòse patenarya ak kolaborasyon</li> <li>• Kreye komite konsiltatif lokal</li> <li>• Patisipe nan seyans deba piblik yo</li> </ul>	<p>Jiska \$250,00 pandan youn (1) a de (2) lane</p>



<p>peman yo ap disponib chak mwa.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elabore oswa amelyore plan pou jere katastwòf, plan preparasyon pou ijans, oswa lòt jefò planifikasyon ak vizyon pou kominote a</li> <li>• Kowòdone avèk aktè kominotè yo pou rezoud pwoblèm anviwònman yo</li> <li>• Aktivite fòmasyon pou òganizasyon kominotè yo ak moun ki nan kominote a</li> <li>• Pwojè ak aktivite pou ankouraje kominote a patisipe (pa egzanzp, netwayaj teren ki vid)</li> <li>• Acha ti teren ki bezwen mwens pase mwatye montan total finansman sou-sibvansyon an</li> </ul>	
<p><b>3 - Mete Pwojè yo sou Pye</b> – sa ka rezoud plizyè pwoblèm anviwònman, men se pa yon obligasyon</p> <p>Se ap sibvansyon pou ranbousman frè kote peman yo ap disponib chak mwa.</p>	<p>Elaborasyon Pwojè: sa ap pèmèt yo itilize opinyon yo jwenn nan kad planifikasyon ak rechèch yo. Pwojè yo ka gen ladan yo aktivite edikatif ak aktivite sansibilizasyon, men fòk objektif yo se kreye bagay ki itil nan kominote a oswa bay avantaj ki klè.</p> <p>Egzanzp:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ranfòse pwoteksyon ki gen pou wè ak enpak total, sante piblik, oswa jistis anviwònmantal</li> <li>• Rann li pi fasil pou moun yo jwenn manje ki bon pou lasante</li> </ul>	<p>Jiska \$350,000 pandan jiska de (2) lane</p>



	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Itilize mwens pestisid oswa sibstans toksik</li> <li>• Netwaye sit ki kontamine yo</li> <li>• Fè evalyasyon nan kay ki pwòp yo; fè kay oswa bilding yo konsome mwens enèji oswa dlo</li> <li>• Elabore pwogram pou ede kominote yo ekonomize enèji oswa dlo; enstale filtè dlo</li> <li>• Krete jaden kominotè</li> <li>• Krete kote ki pou ede kominote yo rete djanm epi retabli yo pandan peryòd difisil yo</li> <li>• Mete sou pye pwojè konstriksyon ki respekte anviwònman an;</li> <li>• Krete estaj oswa mete sou pye pwogram devlopman mendèv</li> <li>• Ou kapab itilize jiska 50% nan sibvansyon an pou w achte byen imobilye.</li> </ul>	
<p><b>Fon Lansman Pwojè:</b> Sa yo se ap sibvansyon fiks, selon objektif yo.</p>	<p>Yo defini òganizasyon kominotè ki elijib pou kategori sa a kòm òganizasyon ki gen kat (4) anplwaye oswa mwens k ap travay a plen tan (oswa ekivalan an avèk plis anplwaye; benevòl ki resevwa alokasyon yo pa ladan l) nan moman yo ap aplike a epi ki nan kominote a epi/oswa ki travay ladan l <a href="#">Zouti Evalyasyon Jistis Klimatik ak Ekonomik lan (Climate Justice and Economic Screening)</a></p>	<p>Jiska \$75,000 pou yon peryòd sis (6) mwa a de (2) lane</p>



	<p><u>Tool, CJEST</u>) idantifye kòm yon kominote ki defavorize oswa yo eksplike rezon ki fè yo sou kat sa a. Pa egzanp, fòmasyon, reyinyon kominotè, elaborasyon yon rapò.</p> <p><i>Si w vle aplike pou kalite sibvansyon sa a, kanpe la a pou w gade RFP a ak Aplikasyon pou Fon Lansman Pwojè a. Epitou, kontakte nou pou n pale sou aplikasyon w lan si w ta renmen pale sou pwopozisyon w lan.</i></p>	
--	--	--

## Pwoblèm Anviwònman ak Klima

Aplikasyon yo ka rezoud yon dividal pwoblèm anviwònman epi yo gen ladan yo divès kalite pwojè tankou:

- Kalite lè a ak opresyon
- Siveyans kalite lè a onivo liy fwontyè yo
- Kontwòl dlo ize ki soti nan izin yo
- Verifye epi teste kalite dlo a
- Ti pwojè netwayaj
- Fasilite moun yo jwenn manje pou yo pase mwens tan nan machin pou al chèche
- Pwoblèm dlo lapli ak enfrastrikti ekolojik
- Kontaminasyon nan plon ak amyant
- Pesticid ak lòt sibstans toksik
- Kay pwòp ki ekonomize enèji ak dlo epi ki gen lè anndan an ki pwòp
- Jefò pou lite kont dechaj ilegal, tankou edikasyon, sansibilizasyon ak ti aktivite netwayaj
- Preparasyon pou ijans ak rezilyans fas ak katastwòf
- Fòmasyon pwofesyonèl nan domèn anviwònman ki kontribye nan redui gaz ki danjere yo ak lòt bagay ki polye lè a
- Fòmasyon sou jistis anviwònmanal pou jèn yo ak/oswa kominote ki defavorize yo



## Enstriksyon pou Ranpli Aplikasyon an

Ou dwe ranpli aplikasyon an yon sèl fwa sou pòtay kote pou moun aplike pou sibvansyon an. MEN, ou dwe peze bouton "**Anrejistre Bouyon**" vèt ki nan kwen anba agoch la anvan w soti. Ou kapab retounen nan aplikasyon sa a nenpòt lè atravè lyen nou voye ba ou nan imèl la.

Anvan w kòmanse ranpli aplikasyon an, nou konseye w li tout fòm lan nan **dokiman apèsi** sa a. Nou konseye w ekri repons ou yo anvan nan dokiman sa a, apresa kopye epi kole yo nan fòm ki anliy nan.

## Kondisyon Aplikasyon an

### Apèsi sou Aplikan an

1. Non Òganizasyon Aplikan Prensipal la  
*Si w ap aplike pou yon patenarya, kolaborasyon, oswa kowalisyon, tanpri chwazi yon òganizasyon ki pou jwe wòl aplikan prensipal la epi soumèt enfòmasyon li yo nan seksyon sa a. Si w ap aplike avèk yon sipò fiskal, se li menm ki aplikan prensipal la.*
2. Adrès Minisipal Aplikan Prensipal la
3. Vil Kote Aplikan Prensipal la Ye
4. Eta Kote Aplikan Prensipal la Ye
5. Kòd Postal Aplikan Prensipal la
6. Adrès Sitwèb la
7. Non Prensipal Moun pou Kontakte a
8. Siyati Prensipal Moun pou Kontakte a
9. Tit Prensipal Moun pou Kontakte a
10. Adrès Imèl Prensipal Moun pou Kontakte a





11. Nimewo Telefòn Prensipal Moun pou Kontakte a
12. Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (Employer Identification Number, EIN) oswa Idantifikatè Antite Inik (Unique Entity Identifier, UEI) gouvènman federal la bay
13. Depans total òganizasyon aplikan prensipal la fè pou ane fiskal sa a
14. Kantite anplwaye k ap travay a plen tan nan òganizasyon k ap chèche finansman an (se pa òganizasyon ajan fiskal la)
15. Si w ap aplike pou yon pwojè kominotè w ap jere, kisa depans total yo te ye pou ane fiskal sa a (pa bliye se ou menm k ap resevwa finansman an)?
16. Nan ki Eta anndan New England aplikasyon w la gen entansyon konsantre aktivite ak resous yo (chwazi tout sa ki apwopriye)?
  - Connecticut
  - Maine
  - Massachusetts
  - New Hampshire
  - Rhode Island
  - Vermont
  - Nasyon Tribal ki anndan Rejyon EPA 1
17. Kalite Antite a (chwazi youn)
  - Òganizasyon San Bi Likratif: Òganizasyon Kominotè, Òganizasyon Relijye
  - Gouvènman tribal (tribi gouvènman federal la ak Eta a rekonèt) ak Asosyasyon ki gen Diferan Tribi
  - Òganizasyon Ameriken Natif Natal
  - Gouvènman lokal
  - Enstitisyon ansèyman siperyè
  - Òganizasyon charitab ak òganizasyon sivik ki pa pou fè pwofi
18. Pou ki Nivo w ap aplike (chwazi youn)?
  - Nivo 1
  - Nivo 2
  - Nivo 3
19. Tanpri chwazi kategori ki pi byen dekri aplikasyon w lan. Nivo w chwazi a p ap gen okenn enpak sou desizyon finansman an (chwazi youn).



- Òganizasyon oswa antite inik
- Patenarya (2 a 3 patnè)
- Kowalisyon (plis pase 3 patnè)
- Lòt - tanpri dekri

## Kesyon pou Aplikasyon an

1. **Apèsi sou Òganizasyon an:** *(Si w gen yon ajan fiskal, tanpri dekri antite a, se pa gwo ajans ou ladan an):* Fè yon ti dekri òganizasyon k ap aplike a, tankou misyon li ak prensipal aktivite li yo (apeprè 100 mo)
2. **Non Pwojè a:** Ki non pwojè ou pwopoze a? (apeprè 100 mo)
3. **Bezwen:** Ak ki bezwen jistis anviwònmanal, klima, ak/oswa sante piblik pwojè w la ap reponn? Ki pwoblèm anviwònman ak sante kominote a genyen? (apeprè 200 mo)
4. **Popilasyon an (yo):** Dekri kominote ak popilasyon ki pral benefisye pwojè sa a (pa egzanp, kote a (nan vil, banlye, pwovens), kondisyon anviwònmanal ak sosyal, popilasyon (pa egzanp, tribi gouvènman federal la rekonèt, kominote endijèn nan vil ak/oswa nan pwovens), elatriye). Kijan pwoblèm jistis anviwònmanal ak klimatik yo afekte yo? (apeprè 300 mo)
5. **Prensipal Aktivite ak Kalandriye:** Tanpri itilize modèl plan travay ki anba a.
6. **Patnè yo:** Bay jiska senk (5) patnè pwojè a, si genyen, ak wòl yo jwe nan pwojè sa a (pa egzanp, fason yo pral ede w reyalize pwojè w la?) Remak: aplikan yo chwazi yo ka oblije pwouve yo gen yon akò patenarya ki legal (akò ki gen siyati patnè yo) oswa pwotokòl akò avèk patnè yo pwopoze yo anvan yo ba yo sibvansyon an. Sote pati sa a si w ap aplike antanke yon òganizasyon endividyèl. (apeprè 300 mo)
7. **Istwa Òganizasyon an:** Bay yon apèsi sou sa w te fè oparavan ak sa w ap fè kounye a pou jere pwoblèm chanjman klima a, jistis anviwònmanal la, ak/oswa sante piblik oswa kominote a. Epi si w endike patnè yo, kisa yo te fè pou yo rezoud youn nan pwoblèm sa yo (apeprè 200 mo)
8. **Angajman Kominotè** Kijan lòt rezidan ak reprezantan nan kominote a (yo) pwoblèm anviwònman, pwoblèm klima ak pwoblèm sante piblik yo afekte dirèkteman pral enfluyanse pwojè ou pwopoze a? Nan ki mezi ou eseye fè moun



ki nan kominote yo patisipe nan pwojè a? Kijan travay ou a respektè [Prensip Jemez yo pou Òganizasyon Demokratik la?](#) (apeprè 300 mo)

9. **Siksè/Enpak:** Ki enpak travay sa a ap genyen nan fen peryòd finansman sa a? Kijan w ap fè konnen w reyisi? (apeprè 500 mo)
10. **Suivi ak Mezi Pwogrè:** Kijan w ap fè konnen w ap fè pwogrè? (apeprè 300 mo)
11. **Pwoblèm ak Posiblite:** Selon ou menm, ki prensipal pwoblèm ki pral anpeche w reyalize travay sa a nan delè yo bay la? Kijan nou kapab ede w? (apeprè 200 mo)
12. **Direksyon:** Eksplike fason direksyon w lan òganize ak fason li reflete epi entegre moun ki nan kominote ki pi touche yo (apeprè 500 mo).
13. **Espesyalman pou aplikan Nivo 1 yo-** Èske w pral kolekte nouvo done? Si se wi, n ap kontakte w pou nou ba w plis enfòmasyon ak sipò ki konsène egzijans Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an fè pou elabore yon Plan Pwojè pou Asirans Kalite
  - Wi
  - Non
  - Mwen pa sèten

## Fòma Aplikasyon an

Tanpri respektè paramèt sa yo selon fòma ou chwazi a. Pa bliye tout aplikasyon yo dwe genyen yon bidjè ak plan travay ladan yo (nou bay modèl yo pi ba a).

### Men sa yon aplikasyon konplè dwe gen ladan l:

1. Aplikasyon (Chwazi Youn): Istwa Alekri, Dyapozitiv Prezantasyon, Videyo
2. Bidjè



### 3. Plan travay

W ap jwenn modèl Bidjè ak Plan travay yo pou telechaje nan lyen sa a:

<https://environmentaljusticenewengland.org/>

Ou kapab soumèt aplikasyon yo sou fòm istwa alekri, dyapozitiv prezantasyon, oswa videyo.

#### 1ye Opsyon: Istwa Alekri

- 8 a 10 paj pou pi plis
- Tay 12, fòm ekriti Times New Roman, maj 1 pous, entèliy senp
- Reponn kesyon yo nan lòd
- Kantite mo a se yon gid, se pa yon obligasyon
- Ou kapab ajoute ak itilize foto oswa imaj jan w vle

#### 2yèm Opsyon: Dyapozitif Prezantasyon

- 25 dyapozitiv pou pi plis
- Reponn chak kesyon nan lòd
- Asire w enfòmasyon ou bay yo klè ak detaye lè w ap reponn chak kesyon. Pa bliye ou p ap fè yon prezantasyon an dirèk, se sa ki fè ou p ap kapab bay detay anplis
- Itilize yon fòm ekriti moun ka li fasil
- Itilize atizay oswa foto pou w fè mesaj ou a pase
- Kreye etikèt ki klè pou tablo ak grafik yo
- Fòk pa dèyè dyapozitiv yo senp epi gen yon sèl fòm
- Asire w koulè ki pa dèyè a ak koulè tèks la diferan anpil youn ak lòt
- Anrejistre prezantasyon an sou fòm PDF anvan w soumèt li

#### 3yèm Opsyon: Videyo

- 15 minit pou pi plis
- Reponn kesyon yo nan lòd; di kesyon w ap reponn nan
- Itilize imaj ak entèvyou yo pou w fè mesaj ou a pase
- Si w mete imaj, asire w etikèt yo klè epi pa dèyè videyo a senp epi gen yon sèl fòm
- Mete videyo a sou yon sitwèb pou videyo tankou YouTube, Vimeo, elatriye epi mete URL la nan aplikasyon w lan.

Pou aplikan ki chwazi soumèt videyo yo:



- Aplikan yo pa oblije fè videyo kalite siperyè. Rezon ki fè nou otorize videyo nan aplikasyon yo se pou nou bay moun yo yon mwayen kreyatif pou yo reponn kesyon yo olye yo ekri yon istwa. Se aplikan yo k ap chwazi fòma yo. Evalyasyon moun k ap egzamine videyo yo pral baze sou sa ki nan videyo yo, se pa sou kalite pwodiksyon an.
- Si w prevwa soumèt aplikasyon an nan fòma videyo, nou ankouraje w itilize teknoloji ou genyen nan men w lan epi eksplwate resous ki deja nan kominote kote w ap viv la (medya lokal yo, klèb videyo lekòl segondè yo, antrepriz lokal yo, oswa òganizasyon jèn yo). Epitou, nou ankouraje w itilize mwayen ki ekonomik epi ki fasil pou itilize tankou esmatfòn ak/oswa platfòm pwodiksyon videyo anliy yo, tankou [Animoto.com](https://www.animoto.com), [Windows Photos](https://www.windowsphotos.com), [iMovie](https://www.imovie.com). Epitou, genyen lòt platfòm ki fasil pou moun itilize ki bay zouti edisyon videyo ki gratis oswa pou yon ti gradpay, tankou [Canva](https://www.canva.com).

## Bidjè (Obligatwa)

Soumèt yon fòm bidjè ki detaye pou chak ane w mande finansman gras ak modèl nou bay la ki disponib nan lyen sa a <https://environmentaljusticenewengland.org/>.

Ou kapab itilize sibvansyon yo pou salè ak avantaj sosyal pèsònèl la, ansanm ak depans dirèk yo tankou kominikasyon, reyinyon, founiti ak ekipman, elatriye, ak depasman anndan Eta kote w ye a. Fòk ou patisipe nan yon reyinyon k ap dire yon jounen chak ane. Tanpri fè bidjè pou depasman/otèl pou yon nwit pou omwen de (2) anplwaye. Nou konseye w rezève 10% nan bidjè a pou tan anplwaye yo pase nan fè rapò ak kominikasyon. Ou kapab itilize jiska 15% nan frè dirèk pwojè a pou depans endirèk oswa depans jeneral yo. Epitou, ou ka endike plan w genyen pou w bay patnè oswa konsiltan yo resous.

Nan sa ki konsène pwopozisyon bidjè pou Pwojè Evalyasyon Nivo 1 yo, nou ankouraje aplikan yo aliyen bezwen bidjetè yo avèk objektif pwojè yo nan mezi yo kapab. Si pwojè a jwenn finansman, pèsònèl pwojè a ap egzamine posiblite pou yo itilize pri ki fiks pou bidjetizasyon an epi yo ap negosye pwosesis sa a avèk benefisyè Nivo 1 yo apre sibvansyon an.



**Plan travay (Obligatwa):**

*Pi ba a gen yon apèsi modèl Plan travay nou bay la. Tanpri dekri aktivite w yo, prensipal etap enpòtan yo ak kalandriye a nan Plan travay la. W ap jwenn modèl Bidjè ak Plan travay yo pou telechaje nan lyen sa a: <https://environmentaljusticenewengland.org/>*

<b>Aktivite yo</b>	<b>Etap enpòtan (Rezilta, Endikatè, oswa Objektif)</b>	<b>Dire Aktivite a</b>
<p>1ye Egzanp Aktivite: Òganize yon seri reyinyon kominotè pou w detèmine ki kalite fòmasyon pwofesyonèl jèn moun yo bezwen nan domèn anviwònman an</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Egzanp Etap Enpòtan: Nou òganize kat (4) reyinyon kominotè avèk omwen 20 patisipan nan chak. Objektif la se te pou konprann ki kalite fòmasyon pwofesyonèl jèn moun yo bezwen.</li> <li>• Egzanp Rezilta: Plan sansibilizasyon (afich, piblikasyon sou rezo sosyal, bilten enfòmasyon), reyinyon avèk patnè yo pou elabore kalandriye reyinyon kominotè yo nan tèt ansanm</li> <li>• Egzanp Endikatè: Lis anrejistreman ak patisipan ak/oswa kantite patenarya oswa entèvenan (ansyen ak nouvo) pou akeyi reyinyon kominotè yo oswa òganize yo nan tèt ansanm.</li> <li>• Egzanp Objektif: Lis bezwen ki genyen nan zafè fòmasyon/sijè oswa kantite patenarya oswa entèvenan (ansyen ak nouvo) pou fòmasyon yo.</li> </ul>	<p>Soti Me 2025 rive Oktòb 2025 (1ye Trimès ak 2yèm Trimès)</p>



## Kritè pou Evalyasyon

Evalyatè sibvansyon yo ak yon Kominote Sibvansyon ap egzamine aplikasyon yo epi fè rekòmandasyon pou finansman. Men kritè yo ap itilize pou yo detèmine ki aplikasyon yo rekòmande ki pou jwenn finansman:

- Bezwen kominote a
- Fason plan yo pwopoze a afekte kominote pwoblèm anviwònman ak pwoblèm klima yo afekte nan yon manyè ki enjis
- Patisipasyon (fòmèl ak enfòmèl) aplikan an nan travay sou jistis anviwòmantal ak klimatik ak/oswa lòt pwojè kominotè
- Fason yo ka reyalize plan an selon kapasite ak resous òganizasyon an
- Angajman kominote pwoblèm ak fòskote nan zafè anviwònman, klima ak sante piblik, san wete direksyon w lan, afekte dirèkteman
- Posiblite pou asire dirabilite ak enpak pwojè w la
- Disponibilite lòt resous ki pou kore travay sa a

## Sa k ap Pase si w Jwenn Finansman

Si yo chwazi w pou benefisyè finansman an, pèsònèl pwojè a ap travay avèk ou menm ak ekip ou a pou fè:

- **Rapò** – Benefisyè a ap rete an kominikasyon avèk pèsònèl pwojè a ak patnè yo pandan tout peryòd sibvansyon an pou pataje opinyon, rakonte istwa reyisit, di lesou li tire, epi pale sou eta avansman pwojè a. Chak trimès epi nan fen chak ane sibvansyon, benefisyè a ap di ki pwogrè li fè pandan l ap rezime travay li fè a. Mete sou sa, benefisyè a ap bay detay sou depans li fè pou chak trimès finansye. Antite ki bay finansman an ap fikse delè fòmèl yo. Si yon sipò fiskal ede yon òganizasyon aplike, sipò fiskal la se benefisyè sou-sibvansyon an. Kidonk, se li menm k ap fè rapò sou aktivite yo. Yon lòt fwa, nou konseye w rezève 10% nan bidjè ou pou tan anplwaye yo pase nan fè aktivite sa a ak evalyasyon yo.
- **Reyinyon ak Ranfòsman Kapasite** - Pandan tout peryòd sibvansyon an, pèsònèl pwojè a ap bay benefisyè yo posiblite pou yo pou aprann ak ranfòse kapasite yo. Nou prevwa òganize yon reyinyon reyjonal chak ane fas-a-fas (tanpri fè bidjè pou depasman/otèl pou yon nwit pou omwen de (2) anplwaye). Lòt reyinyon yo ap fèt sou Zoom. Fòk benefisyè yo prezan epi patisipe nan tout evènman yo kapab patisipe.
- **Evalyasyon** - Benefisyè a ap kolekte epi pataje done sou pwosesis ak rezilta yo nan kad plan evalyasyon global EJTC a. Sa ka gen ladan l patisipe nan gwoup refleksyon ak sondaj, ansanm ak aktivite evalyasyon ki gen pou wè ak pwojè w la, tankou devlope ak mete sou pye yon plan siveyans ak evalyasyon (modèl yo ap disponib). Nou ankouraje benefisyè yo mete omwen 10% nan bidjè total yo (kantite yo pase nan travay) pou evalyasyon ak rapò.



## Dat Enpòtan yo

- Jedi 12 desanm 2024 a 10:30 nan maten, Lè sou Kòt Lès Etazini: Wèbinè sou Anons Finansman
  - *Pa bliye, nou ap anrejistre epi pibliye wèbinè sa a sou:*  
*<https://environmentaljusticenewengland.org/>*
- Dat Limit pou Soumèt Aplikasyon:
  - 1ye Pati: Vandredi 14 fevriye 2025 a 5:00 nan apremidi, Lè sou Kòt Lès Etazini
  - 2yèm Pati: Vandredi 16 me 2025 a 5:00 nan apremidi, Lè sou Kòt Lès Etazini
  - Yo prevwa bay lòt finansman yo nan mwa out 2025, novanm 2025, janvye 2026, ak avril 2026 epi/oswa jiskaske yo fin bay tout finansman an, nenpòt dat ki rive anvan an.

Tanpri kontakte pèsonèl pwojè a si w gen nenpòt kesyon oswa si w genyen pwoblèm teknik: [ejgrantsnewengland@hria.org](mailto:ejgrantsnewengland@hria.org)